

Sa Moun New York yo Dwe Konnen Sou Vaksen kont COVID-19 yo

Vaksen kont COVID-19 yo disponib kounye a pou tout moun New York ki gen laj omwen 16 an.



Vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo bay rezilta. Vaksen yo te pase pa gwo etid klinik ki te montre yo bay anpil rezilta nan pwoteje moun kont maladi COVID-19 grav, ospitalizasyon ak lanmò.



Yo bay vaksen kont COVID-19 yo gratis. Ou pa bezwen bay ni asirans ni estati imigrasyon ou.



Jwenn yon lokal pou pran vaksen w lan. Ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://www.nyc.gov/vaccinefinder), oswa rele 877-829-4692 pou jwenn yon kote k ap fè vaksinasyon.



Ou kapab gen efè segondè. Pami efè segondè ki genyen pi souvan yo gen doulè nan bra, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv.



Kontinye pran prekosyon. Vaksen yo pwoteje ou, men nou toujou ap aprann ki efè yo genyen sou pwopagasyon viris la. Kontinye rete lakay ou si ou malad, kenbe yon distans 6 pye de lòt moun, mete kachnen kòm sadwa epi lave men ou souvan.

4.26.21



Ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://www.nyc.gov/vaccinefinder) oswa rele 877-829-4692 pou jwenn yon kote k ap fè vaksinasyon.

**NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY**

NYC
Health